

Jalon pou Kwasans ak Devlopman

Tibebe bezwen plis pase manje ak dlo pou yo kapab grandi an sante. Pou ba yo atansyon, yo bezwen ou renmen yo, konprann yo, gide yo, epi fè yo santi yo an sekirite. Yo bezwen ou ede yo konprann kote y ap viv la, aprann sa yo dwe konnen fè, epi ajiste dapre bezwen yo genyen kap chanje tout tan yo.

Si w jwe yon wòl aktif nan devlopman tibebe w la, se yon bagay ki kapab enteresan, ki kapab aprann ou sa ou poko konnen, epi ki kapab ba w anpil satisfaksyon. Ou pral wè chanjman fizik, ak chanjman nan konpòtman epi nan langaj tibebe a prèske chak jou, epi anvan lontan ou pral konprann patisipasyon w enpòtan anpil nan ede tibebe w la devlope byen.

Pandan w ap obsève tibebe a kap grandi, sonje byen pa genyen 2 timoun ki menm jan nèt. Menm si gen etap ki “tipik” nan kwasans yon timoun, tibebe w la kapab devlope ak yon kadans ki pa menm ak yon lòt tibebe. Epi tou, gen zòn kote tibebe w la kapab devlope vit, epi lòt zòn kote li pa devlope ak menm vitès la.

Si w kwè pitit ou a gen pwoblèm pou devlope nan youn nan zòn devlopman l yo, *pa kite panik antre sou ou*. Gen anpil pwoblèm nan devlopman yon timoun ki kapab korije ak entèvansyon prekòs—*ki se yon pwogram sèvis yo ofri pou ankouraje potansyèl kwasans ak devlopman yon timoun anvan li rivè laj pou ale lekòl*.

Enfòmasyon ki nan tiliv sa a pa gen tout bagay ladan l. Men sèlman, li kapab itil pou fè w konnen, an jeneral, kisa tibebe w la kapab fè nan tèl ak tèl laj.

Kenbe enfòmasyon sa yo nan yon kote yo pa pral pèdi epi ou ka jwenn yo fasil — tankou yon albòm, oswa yon rejis pou tibebe, oswa nenpòt ki kote ou kenbe dosye fanmi w. Si w gen kesyon, telefone pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti ki pi pre w la.

Nesans—rive 2 mwa

Devlopman Fizik

- Li leve tèt li dousman sou kote li kouche a
- Li kenbe pwen l mare fò

Devlopman Lapawòl

- Li gazouye ak fè ti bwi tankou l ap gwonde
- Li babye

Devlopman Sosyal

- Li dòmi anpil
- Li kriye anpil
- Li kapab pran abitud dòmi ak manje iregilyèman
- Li kalme lè l tande vwa oubyen lè w lè papa ak manman l

2 mwa

Devlopman Fizik

- Li leve tèt li pandan l kouche sou vant
- Li fè mouvman yo nòmalman
- Li konn demare pwen l, ak ouvri dwèt li
- Li souke men l, epi li tire kout pye pandan li kouche sou do

Devlopman Lapawòl

- Li gazouye ak fè plis bwi, espesyalman lè moun pale avèk li
- Li kriye yon jan diferan pou diferan bagay li bezwen

Devlopman Sosyal

- Li koumanse souri, li montre lè l kontan ak lè l kontrarye
- Li vire gade moun lè li rekonèt vwa yo
- Li kalme lè moun kenbe l
- Li renmen lè yo zatouyèt li
- Li gade moun kap ba li manje a pandan l ap manje
- Li kapab souse gwo pous li oswa dwèt li pou l kapab kalme

4 mwa

Devlopman Fizik

- Li kapab wè sa ki sou lòt bò pyès kay la
- Li chita dwat si moun soutni l
- Li konn vire sou do apre ou mete l kouche sou vant
- Li lonje men l pou pran jwèt
- Li konn kenbe bagay
- Li konn kenbe pye l pou mete yo nan bouch li
- Li vire tèt li pou wè kote yon bwi soti
- Li swiv moun ak je l

Devlopman Lapawòl

- Li konn ri, rele, ak babye
- Li gazouye ak fè ti bwi lè kè l kontan
- Li di “ou” ak “aa”

Devlopman Sosyal

- Li renmen jwe ak pye l
- Li wè koulè ki pa nwa ak blan sèlman
- Li fè move san lè li vle moun level ak kenbe l
- Li kapab rekonèt diferan moun nan fanmi an
- Li konn lonje men l ak bra l pou jwe
- Li souri

7 mwa

Devlopman Fizik

- Li chita poukont li san rete lontan
- Li kenbe jwèt epi li mete ti moso manje nan bouch li
- Li kanpe lè moun kenbe l, epi li sipòte yon pati nan pwakò l sou pwòp janm li
- Li lonje men l pou pran ti bagay, epi li konn chanje yo men
- Li koumanse fè dan, sa ki kapab anpeche l dòmi byen

Devlopman Lapawòl

- Li konbine son vwayèl
- Li imite son
- Li reyaji lè l tande “non” oswa pwòp non li
- Li fè jès bay moun pou yo koumanse pale avèk li

Devlopman Sosyal

- Li jwe poukont li
- Li rete jwe pi lontan ak moun epi ak jwèt
- Li renmen lòt timoun
- Li reyaji plis lè l tande yon bwi
- Li pa vle rete sou etranje, men li pito rete sou moun ki abitye okipe l

10 mwa

Devlopman Fizik

- Pou l deplase, li rale plizyè jan ki diferan
- Li rale monte sou bagay
- Li ka apiye sou yon bagay pou l kanpe
- Li konn sèvi ak gwo pous epi ak lòt dwèt yo pou ranmase ti bagay

Devlopman Lapawòl

- Li konn di “non,” “bay-bay,” “papa,” ak “manman”
- Li sèvi ak vwa l pou kapte atansyon moun

Devlopman Sosyal

- Lap vin pi endepandan — li kapab pi enterese jwe poukont li pase pou l kite moun kenbe l
- Li konn imite jès moun fè ak men, epi mouvman yo fè ak figi yo
- Li rale pou deplase lè lap chache papa ak manman l
- Li rale pou vin jwenn ou si w rele non l
- Li renmen jwe “koukou-apali”
- Li konn vire plizyè pajan menm tan nan yon liv oswa yon magazin
- Li renmen jwe ak jwèt ki gen son
- Li konn souke men l pou fè “bay-bay”
- Li konprann esplikasyon ki senp

12 mwa

Devlopman Fizik

- Li koumanse sòti nan rale pou l eseye mache ak janm li ouvri
- Li konn manje ak dwèt li
- Li kapab koumanse sèvi ak kiyè
- Li konn akwoupi

Devlopman Lapawòl

- Li di “Papa” ak “Manman” pou montre yon moun
- Li ka konn di ant 3 ak 10 mo ki “vre” mo
- Li fè jès pou ranfòse langaj li transmèt ak lòt

Devlopman Sosyal

- Li renmen lè moun ap koute l
- Li konn fè majigridi ak kreyon
- Li mete plis varyete nan jwèt li fè yo
- Li montre pi byen sa l renmen ak sa l pa renmen
- Li jwe ak tèt li devan glas epi li konn bo figi l nan glas la
- Li jwe ak poupe epi ak bèt anpaye
- Li konn lonje dwèt sou pòtre ki nan liv epi li di sa yo ye
- Li konprann mo ak fraz ki senp, tankou “Vin jwenn papa w.”

15 mwa

Devlopman Fizik

- Li konn kanpe ak mache poukont li
- Li manje ak kiyè
- Li ranmase bagay atè pandan li kanpe pou l mache

Devlopman Lapawòl

- Li konn sèvi ak mo epi ak fraz ki senp
- Li repete kèk mo papa ak manman l konn ap di

Devlopman Sosyal

- Li renmen tande mizik epi danse sou kadans mizik la
- Li konn di “non” pou refize manje
- Li konprann pi byen sa k ap pase kote li ye a
- Li koumanse vin pi endepandan
- Li aktif anpil

18mwa

Devlopman Fizik

- Li kenbe kò l rès pou l kouri
- Lè l ap jwe ak yon boul, li sèvi ak tout bra l pou voye boula
- Li kapab manje poukont li ak kiyè, epi l ap eseye manje ak fouchèt
- Li kapab retire soulye l, chapo l, ak gan nan men l
- Li renmen remòke bagay, oubyen rale yo, lage yo atè, ak pouse yo
- Li konn monte ak desann eskalye poukont li

Devlopman Lapawòl

- Li konn di non bagay
- Li sèvi ak pwonon pèsònèl

Devlopman Sosyal

- Li renmen explore
- Souvan li refize manje

24mwa

Devlopman Fizik

- Li konn dezabiye poukont li (pou retire gwo pyès rad tankou pijama)
- Li koumanse bay kout pye
- Li ka sèvi byen ak yon gode
- Li ka separe bagay, epi remete yo ansanm ankò

Devlopman Lapawòl

- Li pale pi klè
- Li ranplase pawòl “tibebe” yo ak fraz kout
- Li renmen pale poukont li
- Li repete mo li tande lòt moun di
- Li melanje pawòl ak aksyon

Devlopman Sosyal

- Li idantifye tèt li ak moun ki kote li yo
- Li renmen ede Manman ak Papa
- Li kapab pran plezi nan ranmase jwèt li apre li fin sèvi avèkyo
- Li aktif anpil
- Li kapab fè move san yon lè konsa
- Li kapab lonje dwèt sou yon kote nan kò l si w di l non an

36mwa

Devlopman Fizik

- Li konn balanse bra l epi monte yon kote
- Ponpe an plas
- Mache pa bak
- Pedale bisiklèt 3 wou

Devlopman Lapawòl

- Li pale ak fraz kout, epi li sèvi ak fòm pliryèl
- Li konn ti chante kout
- Gen lòt moun pase papa ak manman l ki kapab konprann sa li di
- Li konn di non l
- Li koumanse di “non” pi souvan
- Li fè konnen sa li pè ak sa li pa renmen

Devlopman Sosyal

- Li kapab manje poukont li ak kiyè oswa fouchèt
- Kapab bwè nan chalimo
- Li kapab file ansanm grenn ki gen gwo trou
- Li kapab abiye tèt li byen
- Li koumanse konnen aktivite gason ak aktivite fi
- Li koumanse explore kote li ye a pi lwen pase lakay li sèlman

Konsèy pou Papa ak Manman

- Timoun aprann pale lè yo tande lòt moun pale. Pale ak tibebe w la, chante epi li pou tibebe w la.
- Tibebe renmen kontak fizik. Manyen l, bèse l nan bra w, epi pote tibebe w la.
- Tibebe santi lè moun anba presyon. Lè tibebe a kriye, reyaji san pèdi tan epi montre l ou renmen l. Pran prekosyon lè w ap pale ak tibebe a, oswa ak lòt moun devan l.
- Lanati ankouraje timoun enterese nan anviwonnman deyò lakay yo. Mache deyò souvan ak tibebe w la. Lè fre a bon pou li tou.
- Bay timoun lan jwèt ki bon pou laj li ak pou devlopman l. Mobil, bwat koulè, jwèt pou pouse oswa rale, gwo blòk, gwo boul, ak enstriman mizik, tout se bon bagay.
- Pran prekosyon lè w ap kenbe tibebe w la. Ou pa JANM dwe souke yon tibebe oswa yon timoun

DEPATMAN EDIKASYON NAN ETA MARYLAND

Divizyon Edikasyon Espesyal/
Sèvis Entèvansyon Prekòs

Pwogram pou Tibebe ak Timoun Piti nan Maryland

200 West Baltimore Street, 9th Floor

Baltimore, MD 21201

Telefòn: 410-767-0261

Koutfil gratis: 1-800-535-0182

Faks: 410-333-2661

TDD: 410-333-0731

Robert L. Ehrlich, Jinyò,
Gouvènè

KONSÈY EDIKASYON POU ETA MARYLAND

Edward L. Root, *Prezidan*

Jo Ann T. Bell, *Vis Prezidan*

Philip S. Benzil

Dunbar Brooks

Calvin D. Disney

Clarence A. Hawkins

Walter S. Levin

Karabelle Pizzigati

Maria C. Torres-Queral

John L. Wisthoff

Christopher J. Caniglia

Nancy S. Grasmick

Direktè Jeneral pou Lekòl nan Eta a

Carol Ann Baglin

Asistan Direktè Jeneral pou Eta a, Divizyon Edikasyon

Espesyal/Sèvis Entèvansyon Prekòs

Depatman Edikasyon pou Eta Maryland lan pa fè diskriminasyon poutèt ras, koulè, si moun se gason oubyen fi, peyi moun soti, relijyon, oswa andikap, nan desizyon ki an rapò ak travay oswa sèvis yo pèmèt moun jwenn. Pou kesyon sou prensip depatman an swiv, ou mèt kontakte Sèvis pou Respè Prensip Egalite yo [Equity Assurance and Compliance Branch] nan nimewo 410-767-0246 pou pale nan telefòn, oswa 410-333-8165 pou voye yon faks, oswa 410-333-6442 pou TDD. ♦ Kote ki devlope ak pibliye dokiman sa a, se Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Espesyal, IDEA, Pati C, sibvansyon nimewo H181A020124, ki finanse ak lajan Depatman Edikasyon Etazini, Biwo Edikasyon Espesyal ak Sèvis Reyabilitasyon. Opinyon ki ekri nan dokiman sa a pa toujou menm ak opinyon Depatman Edikasyon Etazini a, ni lòt ajans gouvènman federal, epi yo pa dwe gade yo konsa. Enfòmasyon sa yo pibliye lib pou tout moun sèvi. Nou ankouraje lektè yo kopye ak fè lòt moun li enfòmasyon sa yo, men sonje ekri kredi pou Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Espesyal, Depatman Edikasyon pou Eta Maryland. ♦ Dapre Lwa sou Moun Andikape nan Etazini yo (ADA) ou kapab jwenn dokiman sa a nan lòt fòm, si w mande sa. Kontakte Divizyon Edikasyon Espesyal, Sèvis Entèvansyon Espesyal, Depatman Edikasyon pou Eta Maryland lan, nan nimewo 410-767-0249 pou pale nan telefòn, oswa 410-333-8165 pou voye yon faks, oswa 410-333-0731 pou TDD.

JALON pou Kwasans ak Devlopman



GID POU DEVLOPMAN
TIMOUN PITI
DEPI NESANS POU RIVE
LAJ 3 AN